ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАУЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№155-156 (21.814) ● 2010 гъэм шыщхьэІум (августым) и 21, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●«Мэшыкъуэ-2010»

УФ-м Спортымкіэ, туризмэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкіэ и министерствэм щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и Федеральнэ агентствэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и Аппаратымрэ къыззэрагъэпэща «Мэшыкъуэ-2010» Кавказпсо щІалэгъуалэ лагерым и етІуанэ Іыхьэр щыщхьэІум и 17-м къызэІуахащ. Зэраубзыхуам тету, зи чэзу зэхьэхьэр щыщхьэІум и 19-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэм хухахащ.

КАВКАЗ Ищхьэрэ Федеральнэ щІыналъэмрэ Абхъаз, Осетие Ипщэ республикэ щхьэхуитхэмрэ я лІыкІуэхэм папщІэ Псыхуабэ (Пятигорск) и зыгъэпсэхупІэ щІыпІэ дахэхэм ящыщ мэз хуейм щыуху шэтыр кьалэ щыкІым щызэхуэса щалэгъуалэм я дэтхэнэ зы махуэри щІэщыгъуэщ, гукъинэжщ, мыхьэнэ хэха зиІэ Іуэху щхьэпэхэмкІэ гъэнщІащ, зыхуей псори ягъуэт. Шэтыр щыкІухэм щоджэ, щопщІафІэ, лекцэхэр, семинархэр, зэхьэхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр щрагъэкІуэкІ. Къищынэмыщ1ауэ, я нэгу зрагъэужьыну, щыхуей дыдэм спорт зэхьэзэхуэхэр зэхаублэну Іэмалыфхэр яІэщ, интернетми пыщІахэщ.

ЩыщхьэІум и 19-м щэджагъуэ нэужьым Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щхьныгъуэхэмрэ ди щІыпІэ тельыджэм теухуа суРэтхэмрэ я гъэльэгъуэныгъэмкІэ къыззІуахащ. КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен** пщыхьэщхьэхуэхуэІуэ щахьихьэм, лагерым щыІэ щІалэгъуалэм ар гуапэу ирагъэблагъэщ. Республикэм и Іэтащхьэ ди лІыкІуэхэм яхуэзэу нэгъуэщІ щыпІэхэм кьиклахэм я проектхэм зыщІигъэгъуэза нэужь, абыхэм я упщІэхэм жэуап ряритащ. Президентым щыгъут Правительствэм и Унафэщі **Меркулов Александррэ** УФ-м и Іэтащхьэм и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и къуэдзэ **Олейников Юрийрэ**.

Кьанокъуэ Арсен зыхуаІуэгъэзэн и пэ кьихуэу, кьыззэгъэпэщакІуэхэм кьыхагъэщащ террористхэм Псыхуабэ щалэжьа щІэпхьаджагъэ хьэлъэр щалэгъуалэм я гум зэрыщІыхьар. «Мэшыкъуэ-2010» лагерым хэтхэр абы нэхъри зэкъуигъэуващ икІи а пщыхьэщхьэм «Терроризмэм дрибийц» зыфІаща Іуэхугъуэр ирагъэкІуэкІащ, кьыкІэлъыкІуэ махуэм щалэгъуалэ 200-м лъы хуатащ лей зытехьахэм.

Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщащ я гупсысэхэр утыку кьрахьэн, я проектхэр пхагъэкІын папщІэ «Мэшыкъуэ-2010» лагерым ныбжьыщІэхэм Іэмалыфхэр кьаазэрыхуэзэІуихьр.

- Сэ кьызэрыслъытэмкІэ, нобэрей Іуэху зэІумыбзэхэр гъэкІуэдыным щалэгъуалэр жыджэру хэдмышэмэ, ипэкІэ дыкІуэтэфынукъым. Ар фыуэ кьыдгурыІуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Щалэгъуалэ правительствэрэ и Щалэгъуалэ палатэрэ кьыззэдгъэпэщащ. Кьищынэмыщ1ауэ, КъБР-м Жылагъуэ палатэм и лэжьыгъэмэ ди ныбжьыщІэ набдзэгубдзапльэхэр жыджэру хэтщ.

Кьанокъуэ Арсен зэрыжиІамкІэ, илъэс тІощыІ рыщІ зи ныбжьым я гупсысэр нобэ жанщ, кучуу икІи ар кьэгъэсэбэпын хуейщ. Республикэм и Іэтащхьэм кьыхигъэщащ къэралым и еджапІэ нэхьыфхэмрэ нэгъэщІ щыпІэхэмрэ ди студент зэчиифІэхэм я щІэныгъэм зэрыщыхахъхьуэр. Кьанокъуэ Арсен щалэгъуалэр кьыхуриджащ я гупсысэхэр, я проектхэр пхыгъэкІыным нэхь егугъуну, абы и лъэныкъуэкІэ Іэмал псори кьагъэсэбэпыну.

Псыхуабэ щалэжьа щІэпхьаджагъэм и гугъу щищым, Президентым кьыхигъэщащ абы и джэрпэджэжьр дэнэ щыпІи зэрынэсар, апхуэдэ гуэзвэгъуэм кьэралым и цІыхухэр щыхъумэным дэтхэнэ зыри ерыщу щІэбэным зэрыхуейр. Кьанокъуэ Арсен «Мэшыкъуэ-2010» щІалэгъуалэ лагерым хэтхэр кьригъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым дяпэкІэ зэкІэпыкъуэу щрагъэкІуэкІыну Іуэхугъуэ щхьэпэхэм хэтыну.

Ди республикэм щыщу зэхыхьэм хэтхэм Президентым упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэр иратащ. Псалъэм папщІэ, апхуэдэ республикэм Лъэпкъ творчествэм и Унэ кьыщыззгъэпэщыным, КъБР-м автоспортым зышегъэужьыным, жьы хьуа кинотеатрхэр зэгъэпэщыжыным, нэгъуэщІ проект гъэщІэгъуэнхэри гъэззэщІэным теухуауэ щыІэ хэкІыпІэхэр. Республикэм и Іэтащхьэм а проектхэм зэуэр зригъэщІащ икІи Щалэгъуалэ правительствэм хэтхэм ядэлэжьну чэнджэщ яритащ, ядэІэпыкъунуи кьигъэгугащ. НэгъуэщІ республикэхэм щыщхэми упщІэ гъэщІэгъуэн куэдкІэ Кьанокъуэ Арсен зыхуагъэзащ. Апхуэдэщ, псальэм папщІэ, Кавказым и щыналъэм кьыщыщамыгъэкІ продукцэу уэзлэжь хьуну кьиллыгъэкІ зыхуэдэр, ди республикэмрэ Псыхуабэрэ зэщІыгъуу проект щхьэхуэхуэхэр ягъэззэщІэным зэрепльыр, нэгъуэщІхэри.

Олейников Юрий кьызэрыхигъэщамкІэ, «Мэшыкъуэ-2010» щІалэгъуалэ лагерым пащэу етІанэгъэ ирагъэкІуэкІыну зэхьхьэм и грант фондыр сом мелуани 100-м нэблагъэнущ. Я проектхэм гупсэхУу елэжьыжьын, ахэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ щІалэгъуалэм зэманрэ Іэмалрэ яІэщ. Кьищынэмыщ1ауэ, дунейпсо зэпеуэхэм я грантхэр кьахьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм хигъэгъуэзащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр «Мэшыкъуэ-2010» щІалэгъуалэ лагерым щызэхуащІыжьым, республикэм и уэрэджьІакІуэ, къэфакІуэ Іэзэхэм утыкур ягъэбжьыфІэу зэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ.

Мы зэхьхьэ гуапэм хэтащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ, Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ, Хьыбарегъащіэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжььнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэхэм, республикэм и Президентым и Іуэхуэхэр зезыхьэ управленэм я лЫкІуэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къанокъуэ Арсенрэ щІалэгъуалэмрэ я зэІущІэ



Узбекистаныр доІэпыкъу

РИА-Новости хьыбарегъащІэ Іуэхущіапіэм къызэритымкІэ, псыдзэ щынагъуэм зэхикъута Пакистаным Узбекистаныр дэІэпыкъунущ.

Абы икІэщІыпІэкІэ хуауТыпщ гуманитар хьэльэр нобэ Пакистаным нашэсынущ: Ил-76 кхъухльатэм ешэ тепІэн хуабэхэр, зэфэн псы, хущхьуэхэр, хьэжьгъэ, пруж, сабий ерыскъыхэкІ, щыкІуэхми балигъхэми папщІэ щыгъын.

Псори зэхэту гуманитар дэІэпыкъуныгъэу Пакистаным хуригъашэм тонн 40 и хьэлъагъщ, США-м и доллар мин 300 и уасэщ.

ООН-м къызэритымкІэ, псыдзэм и зэранкІэ унэнщэу Пакистаным къущынащ щІыху мелуани 4-м щІигъу, я нэхъ машІэраэу щІыху 1600-рэ хэкІуэдащ, унэ минхэр зэхикъутащ, къуажэ псохэр зэрыщыту псым щихьаи куэдрэ къэхъуащ.

ИкІэщІыпІэкІэ къагъуэтыжыну яхуеГъэув

Украинэм и президент Янукович Виктор хабзэхьэмэ органхэм къалэн ящищащ икІэщІыпІэкІэ яхуэзэфІэкІ псори, уеблэмэ я къару къимытІаси, ялэжьыну. Харьков къыщыдэкІ газетым и редактор нэхьыщхьэ Арсен и къуэдзэ къагъуэтыжыным ехьэлІауэ.

Харьков и милицэм къелъыхъуэ «Новый стиль» газетым и редактор нэхьыщхьэ Климентьев Василий. Абы и хьыбар жэпуэгъуэм и 11 лъандэрэ зыми Іэрыхьакъым. Климентьевым и Іыхьлыхэращ ар зэрыкІуэдамкІэ милицэм хъыбар езыгъэщІар. Абы и лэжьакІуэхэм Іуэхур щызэхагъэкІым, наІуэ хъуащ щыщхьэІум и 11-м къахуэмыцІыхуа цІыхухъу гуэр и гъусэу, Климентьевыр и унэм кьыщІэкІыу, «БМВ» дыжьыныфэкІэ зэрыІуэкІар. Ар здэкІуар зэкІэ зыми ищІэркъым.

- Харьков областым и хабзэхьэмэ органхэмэ Украинэм и МВД-ми яхуэзэІэкІ псори, я къару къимытІаси ялэжьын хуейщ журналистыр къагъуэтыжын папщІэ. Ди гъунэгъу къэралхэми я хабзэхьэмэ ЭнатІэхэм дельэІуу зыдэдгъэЭпыкъу хьунущ, - жиІащ президентым, генпрокурор Медведькэ Александррэ МВД-м и министр Могилев Анатолийрэ щаІущІам.

Мы махуэхэм

ЩыщхьэІум и 21, *щэбэт*

◆ЩыщхьэІум и 21 - 22-хэм ягъэлъапІэ Барнаул къалэр къызэрыкъхэр ильэс 280-рэ зэрырикъур.

◆1561 гъэм урыс пащтыхь Грозный Иван (Иван IV) щхьэгъусэу ишащ къбзэрдеишщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие).

◆1964 гъэм Налшык щекІуэкІащ Къзбэрдей-Балъкъэрым и ЦІыхубзхэм я V съездыр.

ЩыщхьэІум и 22, тхьэмахуэ

◆**Коми Республикэм и махуэщ**

◆Илъэс 20 и пэкІэ Тыркумэн ССР-м и Совет Нэхьыщхьэм кьищтащ республикэр къэралыгъуэ щхьэхуэ зэрыхъум теухуа унафэ.

◆Илъэси 100 и пэкІэ Японием Кореер иубыдат - етІуанэ дунейпсо зауэр щиухьм щхьэхуит ящІащ.

◆1880 гъэм электрокъарукІэ лажьэ яп мафІэгур ящІащ.

◆ЩыщхьэІум и 22 - 27-хэм Кобэ (Японием) щекІуэкІынущ иммунологиемкІэ 14-нэ дунейпсо конгресс.

◆1937 гъэм дунейм екьжащ адыгэ тхакІуэ цІэрыІуэхэу КІыщокъуэхэ Рашидрэ Алимрэ я адэ, усакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэщхуэ **КІыщокъуэ Пщымахуэ.**

◆1959 гъэм Тэрч къалэ лажьэу щаутІыпщащ налмэс Іэмэпсымэ къыщыщІагъэкІ заводыр.

ЩыщхьэІум и 23, *блыщхьэ*

◆1943 гъэм СССР-м и Дзэ Плъыжьым Курск и деж нэмыцэ-фашистыдзэр щызэтрикъутащ.

◆Илъэс 20 и пэкІэ Армян ССР-м и Совет Нэхьыщхьэм кьищтащ Ермэлым и къэралыгъуэ щхьэхуитым теухуа декларацэ.

◆Илъэс 4480-рэ (ди эрэм и пэ 2470 гъэм) Мысырым и Хеопс пирамидэр ухуэн щІадзащ, ятІэ мывэр ягъэтІылъри. Ар Гиза платом щынэхь инщ.

◆ЩыщхьэІум и 23 - 27-хэм Женевэ (Швейцарием) щызэхэтынущ Бактериологие, токсин Іэщэр гъэкІуэдыныкІэ конвенцэм хэт экспертхэм я зэІущІэ.

◆1382 гъэм Урысейм артиллерие кьыщызэрагъэпэщащ. Ар ятІэ кьагъэсэбэпащ Тохъутэмыщ хъанэр Мэзкуу щытеуам щыгъуэ.

◆1992 гъэм къызэрагъэпэщащ ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиер.

ПІалитэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифи.**

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Іуэхуншэ псэлъэрейщ.

● Лэскэн куей

Юбилейм зыхуагъэхьэзыр

Аргудан къуажэр къызэрыунэхуэр мыгувэу ильэс 340-рэ ирикъунущ. КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен и унафэкІэ, а Іуэхум теуха лэжьыгъэ щхьэхуэхэр еужьрэкІыу зэфІагъэкІ.

ПСОМ ЯПЭУ иужь ихьащ унагъуэ 52-рэ зыщІэс, кьат зыбжанэу зэтет унэхэр зэгъэпэщыжыным. Апхуэдэ псэупІэу иджыпсту Аргудан 4 дэтщ. А лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэну сом мелуани 5,5-рэ федеральнэ бюджетым къыхуиутІыпщащ, республикэ бюджетми мылъку щхьэхуэ къыхэкІынуш. Мыгувэу къуажэ гъуэгуэр зэгъэпэщыжыным яужь ихьэнущ. Апхуэдэу и унащхьэр щІэкІэ зэрахъуэжкІынущ къуажэм дэт е 2-нэ курыт еджапІэм.

Аргудан къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Ауаз ФатІимэ щыгъуазэ дызэрищІымкІэ, лэжьыгъэ псори къуажэм и махуэ лъапІэр къэмысу зэфІагъэкІыну я мурадщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Нэхъыфіхэр щагъэбелджылы

ДЗЭ УЧЕТЫМ зэрагъэуВыр нэхъыфІу кьызэгъэпэщыным теухуауэ 2009 гъэм ирагъэкІуэкІа еплъыныгъэ-зэпеуэм КъБР-м и Дзэ комиссариатым Прохладнэ, Май къалэхэм, Прохладнэ, Май районхэм щІэ къудамэр щытекІуауэ къалъытащ. Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм щыщхьэІум и 13-м гуфІэгъуэ щытыкІэм итУ фІыщІэ тчыльэр щратыжащ, къудамэм и унафэщІ Богатырев Эдуард. Муниципалитетым и Іэтащхьэ **Пархоменкэ Юлие** къыхигъэщащ дзэ комиссариатым и къудамэм и ІэщІагъэлІхэр я къалэнхэм хьэрзынэу зэрыпльэщар икІи и лэжьыгъэфІым папщІэ гупым и нэхъыжьым фІыщІэ хуащІащ.

УФ-м ЗыхъумэжныгъэмкІэ и министерствэм и унафэкІэ, дзэ учетым зэрагъэувыр нэхъыфІу кьызэгъэпэщыным теухуауэ дзэ комиссариатхэм, Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я гъэззэщІакІуэ властым и органхэм, щІыпІэ самоуправленэмкІэ Іуэхущіапіэхэм 2007 гъэ лъандэрэ ирагъэкІуэкІ еплъыныгъэ-зэпеуэр ильэс кьэс кьыхьалъхьэ. Дзэ учетым зэрагъэувр, запасым щыІэ щІыхухэм бронь зэрырат щІыкІэр зэпымыууэ щефІэкІуэнур, абы и щапхъэр щалъагъунур дзэ комиссариатхэм я къудамэхэр, гъэззэщІакІуэ властымрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ я органхэр а Іуэхум зэуІуу егуГъумэщ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.



ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я зэхьхьэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *«ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ Кавказым: гугъуехьхэр, щІыналъэм и къакІуэнымрэ абы и зыужьныгъэм хуащІ хэлъхьэныгъэмрэ» дунейпсо форум Къэрэшей-Шэрджэсым щекІуэкІынущ жэпуэгъуэм и 13 - 16-хэм.*

ЩІЭНЫГЪЭЛІ ныбжьыщІэхэм я Урысей зэгухьэныгъэм къызэритамкІэ, абы щытепсэлъыхьынущ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ Кавказым зэрызыщаужьым. ЩІалэгъуалэр щІэныгъэтехникэ, нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэм хэшэныжьмкІэ я зэфІэкІхэмкІэ зэдэгугъэнущ.

Къаугъэм хуэкІуащ

АБХЪАЗ. *Курфым и президент Саакашвили и хэщІапІэм деж щызэхуэса щтапІэ ихьэжьхэмрэ уэрамым сату щызыщІхэмрэ яку зэныкъуэкъу кьыдэхъуащ.*

АБХЪАЗЫМРЭ Осетие Ипщэмрэ икІахэм я мыарэзынигъэр къагъэлъагъуэу куржы пресдунейм и хэщІапІэм деж вэсэмахуэ щызэхуэсащ. Иужьым абыхэмрэ полицэмрэ яку къаугъэ зэхьхуащ. «ЦІыхубэ партэ» оппозицэ гупым и лЫкІуэ Шаламберидзе Александр яхэту, пэкІум хэтахэм ящыщ зыбжанэ яубыдащ. Абы емылъытауэ, пэкІум адэкІи пащэну я мурадщ.

Промышленнэ продукцэм хегъахъуэ

АДЫГЕЙ. *Мазибл блэкІам республикэм езыр зэлэжьа промышленнэ продукцэу процент 80,8-рэ ар къэзыгъэсэбэпынхэм яхунутЫнщащ. Нэгъаба и ашхудэ лъэхъэнэм елъытауэ ар нэхъыбэщ.*

ПСОМ хуэмыдэу ехьэлІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьащ ерыскъыпхъэм, пхъэм, текстильм елэжьным, хьэпшыпхэр къыщІэгъэкІыным.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Ерыскъыпхъэкlэ ирикъуу зыкъызэгъэпэщыжыныр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и стратегие къалэнхэм ящыщ зыщ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и блогым видео тхыгъэщlэн ираугъэхьащ. Республикэм и Iэтащхьэм кьелъыгъ инноваци технологиехэр я лъабжьэу экономикэм зегъэужьын хуейуэ.

- Иджыпей технологиехэр къуажэхэм кьыщыгъэсабэпхъэщ. Совет лъэхъэнэм ящlэу щыта къэкlыгъэхэми Iэмальщlэхэмкlэ нобэ уеплъжь хъунущ, - жиlащ Къанокъуэ Арсен.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщlым кьызэриlыытэмкlэ, зы щыпlэм нэхъ къащхьулъ, щагъэуназуа инвестицэ проектхэм адрей куейхэми Iэмал имыIэу зыщегъэужьын хуейщ: «Къэтщтэнщи, теплицэ тщlамэ, Бахъсэн куейм жыг хадзэ щыдгъэтlысамэ, нэгъуэщl районхэми абыхэм щыпыдвгъащэ. Дэ дызыхущlэкъур республикэм и щыпlэ псоми Iэнатlэхэр кьыщызэIутухыныщ, налогхэм къапэкlуэм хэдгъэхъуэныщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зэуIуу зиужьыныр абы елъытыжащ», - кьигъэлъэгъуащ Президентым. Къанокъуэ Арсен кьыхигъащ пэублэу кьызэрабжамкlэ етlанэгъэ республикэм и бюджет зэхэтыр сом мелард 26-м зэрынэсынур: «Цlыху мин 900-м я дежкlэ ар бжыгъэфщ. Адрей щыналъхэм елъытауэ, мыпейуэ ипхlэ докIуэтэ. Уеблэмэ кризисым и лъэхъэнэм зыдоужь. Республикэ биоджетым процент 20-кlэ хъхъуауэ мы илъэсир духынущ». КъБР-м и Президентым кьигъэлъэгъуащ АПК-м и Iэнатlэ псори къзгъэщIэрэщIэным сом меларди 100 мынэхъ мащlэ зэрыхуейр: «Ар зы гъэм тещlыхьакъым, атlэ илъэси 5 - 10-кlэ зэдгъэхьулlэну Iэхъуц. Хуэм-хуэмурэ ипэкlэ дыкIуатэмэ, куэдагъэр фбгъэм хуэкlуэнущ. Абы дамылэжьмэ, зыми зихъэужьнукъым».

Къанокъуэ Арсен кьыхигъащ АПК-м инвестицэхэр кьыхегъэлъхьэным и Iэхъум Бахъсэн къалэмрэ Бахъсэн районымрэ иужьрей зэманым кьызэрыхэжаныкlар икlи абыкlэ зэрыжэуапатхэкlуэр адрей муниципалитетхэм я Iэтащхьэхэм ягу кьигъэкlыжащ.

- Фи лэжьыгъэр зыхуэдэр кьызэрытлъытэнур дэтхэнэ зы цlыхуми тещlыхьауэ инвестицэу кьэвгъуэтыр зыхуэдизырщ. Ар республикэм и донэ щыпlи, уеблэмэ нэгъуэщl щыналъхэм щыщу фи куейкэм проектхэр щызыгъэззэщlэнухэм я дежи кьыщыфlыхьхъуэн хуейщ. Министерствохэмрэ жэрдэмщlакlуэхэмрэ фащlыгъуу я Iэхъум фемыгугъумэ зыри кьикlыныкъым.

КъБР-м и Iэтащхьэм республикэм ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэ кьыщыззгъэпэщыжмкlэ къалэныр мыпхуэдэу иубзыхуащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым продукцэу кьраущр гъэмэщlэныр зэдгъэхьулlэн хуейщ. Дауи, машинэхэмрэ кьхъулъатэхэмрэ дэ я кьэтхуэщIэгъэкlыныкъым, ауэ ерыскъыпхъэхэр - хадзэхэкlхэр, лыр, гъэшыр нэгъуэщl щыпlэхэм кьитушныр емыкlуц».

Апхуэдэу Президентыр кьытеувыIащ куейхэм я зэлуэзэпэщ щытыкlэм: «Абы и лъэныкъэкlэ дэтхэнэ жьыларгъэми и Iэтащхьэм хэхауэ жэуап кьыпытхынущ. Иджыри къэсыху администрацэ уеблэмэ фыкъыззэрекIуэхlам хуэмыдзуэ, фызэрыIащгъэлI нэсыр ягъэнаIуэу дяпэкlэ фыпэжьэн хуейщ».

Видеоблогым и тхыгъэщIэхэм къапэджэжу хуежьащ.

- Пщlэ зыхуэтщl Президент! Иджы нэхъыщхьэр щlыхьэ захъшэр зэхуэзыгъэшхэм, коррупцэм, емыгугъуэжи, Iэхъур зэIыьзыщIэхэм, къулыкъуфI къэзыщэхуэуэ абы щlатlар къэзыдыгъужыну хущlэкъуэхэм я бюрократ псыпцIэм бгъэбеледжьа радрэхэмрэ къалэнхэмрэ хэмыкlуэдэныр щ. Проектхэр зэхуэгъэкlуэныр, пхыгъэкlыныр зи пщэрыпъ административно-техникэ Iэхъущlапlэхэм я къалэнхэр гъэзэщIэныр зэтрамыIыгъэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Кредитхэр зыхуэхъын хуейр батэ ягъэшыну зыгъэIуэхэркъым, атlэ куууэ яджа, лъабжьэ пыухыкlа зиlэ бизнес-проектхэрщ. Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ ягъэуба къалэнхэр зымащlэкlэ кьытемыкlыу бюрократизмэ къэпэнхэмрэ кьызэрэпэщыныр. Iэхъур зыпlъахъэ административнэ лъэпощхьэпо Iэрыщlкlэр Iухыным, абыхэм я пщэрыпъхэр зэхэщlыкlыгъуэу хабзэкlэ гъэбеледжьыным. Щхьэусыгъуэ зэмыIэIуэжьыныр зыхуэхэр къагурыIуэ

Си лъагъуэ, си гъуэгу, умыгъащэ

● ДифI догъэтъапIэ

ЦIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр къыз эрыпIуэтэф Iэмалхэм ящыщ макъамэмрэ усыгъэмрэ. Ахэр нэсу зыхъэщIэфхэр псэкIэ нэхъ къулейщ, я IуэхуфэхэмкIэ дахэщ, гупсысхэмкIэ щэщIащ. Апхуэдэхэм ящыщщ усакIуэ Вындыжь Марие. Абы и кIалэмпэм къыпыкI усэхэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым ятеухуащ. Абы хэм къыз эщIаубыдэ сабингъуэ IэфIри щIалэгъуэ дахэри, анэ лъытIуныгъэрэ ахэмпсэ гурыщIэхэри. Вындыжьым и усэхэм ящыщ куэдым ди композиторхэм макъамэ щIалъхьауэ уэрэджэныкIуэ цIэры-Iуэхэм утыкушхуэхэм щагъэзащI. У сакIуэм и сабий уэрэдхэр цIыкIухэм я гъ, я псэм нэсу, абыхэм япэу жаIэ уэрэд хъуащ.

Марие журналист Iуэху эрыщытми куэд щыгъуаззщ - ар Къэбардей-Балькъэр радиом и адыгэ редакцIэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэщ. Вындыжьым радиом щигъэхьэзыр нэтынхэр купщIафIэщ, щбгъэр гъэсэныгъэ цIэрыIуэ хъуащ - ар къэралпсо, республикэ уэрэд зэхьыхьэхэм я лауреатщ. И лэжьыгъэфIым папщIэ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ, ЩэнхабзэмкIэ и министерствэхэм я щIыхь, фIыщIэ тхыпхъэр кратащ.

ГъащIэр фIыуэ зыльагъу цIыхущ Вындыжьыр, унагъуэ насыпкIи Тхъэр зыхуэхъупсахэм ящыщ. Абы и щхьэгъуэ Къэшэж Сультан и IэщIагъэжкIэ суэтыщIщ. Марирэр СультIанрэ сабиитI эзэдапIащ; Анжелэрэ Альбертрэ. ЩIэныгъэ, Iэщ Iагъэ яIэу ахэр гъащIэм лъэ быдэкIэ зэуващ. Зэщхьэгъуэсэхэм я гъащIэр егъэIэфI я пхъурыльху Инал цIыкIу.

Вындыжь Марие и нибжьыр нджыблагъэ ильэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ. И махуэшхуэм и пэ къыхуэу абы зыхуэдгъэзащ кIи и гъащIэм, и лэжьыгъэм, и гурыльхэм ятеухуа ди упщIэ зыбжанэм жэуап кьритащ.

Вындыжь Марие:

Насып ткIуэпсхэр зэхуэсхьэсауэ, Гъащ Iэ зэIуэсщэм хызогъэбыдэ

- Марие, псом сыноухьэхьу уи гуапэу сыноухьэхьу уи махуэшхуэмкIэ. Иджы хуэдэу гукъыдэж уиIэ, уи зэфIэкIхэм кьаэхьэуэ адыгэ лъэныкъмк Iэ. Тхъэм хуэунэлэажьэ, уэуныщэу, унагъуэ насыпым ущымышIэу. Нобэ ббгъэдэлъ усакIуэ, уэрэдус зэчийм и щIэдзапIэр зэдэщIэр уи сабингъуэра? А лъэхъэнэм и гугъу кьыгъуэщIыкIт.

- Упсэу. Щэч хэпкъым дэтхэнэ усакIуэми бгъэдэлъ зэчийм и лъабжьэр сабиигъуэм зэращIыкIэм. Сабиипсэ кьабгъэм зыщIеиз къэзыухъуреихьу гулыпIэ мэщIэ нэхъ мыхъуми зриIуэхугъуэхэр, игъи кьонэ. Сэри аращ. Збгъэдэлъ зэфIэкIыр, куэд-мащIэми, и фIыгъэщ си адэ Вындыжь Коля.

Сэркмакъ къуажэм щыпсэу адыгэ мэкъумэщыщIэ унагъуэшхуэм, пщIэрэ зэмысрэ зэрэптым, сыкъыщалъхуащ, сыкъыщыхьащ сэ. Зэрыбыниблым - зэкъуэшищрэ зэшыпхъуиплым - ящыщу сэ сыкурыт-ти, нэхъыжь ягъэпажэми нэхъыщIэ ягъафIэми сыщащкъым. Ауэ щыхъукIи, нэхъ инхэм хуэдэу кьалэн гуэрхэр зи пщэ дэлъхэми сахиуфыдэщакъым, кьаруухэкI нэхъ цIыкIуIуэхэми сахэтакъым. ДыбыныбЗ унагъуэми, адэ-анэр хущIэкъуащ ди сабиигъуэр зэрытхуэгъэлэфIыным, зэрытхуагъэдэхэным, дэтхэнэми кьытплъсащ абыхэм я гульытэ, я псалъэ гуапэ. Сэ нэхъыбэу си адэм сыкIэрыщIат. Си нэгу щIэтщ ар и Iэ пхъашэхмкIэ кьыз зэдэхащIыуэрэ сигъэжкижу зэрекIуэкIар, си тхъэкIуэмэ итщ таурыхъ, псыеэ хьэлэмэтхэр, кьебжэкIхэр, зауэ хьыбархэр кьы-зэрызжиIэжу щыта и макъ щабэр. А лъэхъэнэм си лъым хьыхьауэ, си псэм хэпщIауэ кьыщIэкIынущ иужькIэ кьыскъуэкIа усакIуэ зэфIэкIыр. «Си адэм кьызжиIэу щыта кьебжэкIхэмрэ таурыхъэмрэ щхьэсымытхарэт, балигъ сыхуэда нэужь», жызоIэри иджы а щыуагъэм сыхуущIогъуэ.

Школым сыкIуа нэужь, анэдэлъхубзэ дерсхэр фIыуэ слъагъуу, дызыкъуагъаджэ псори сфIэгъэщIэгъуэну пэщIэдзэ классхэр кьэзуухащ. 5-нэ классым сыкIуа нэужь, ди гупым и унафэщI хьауэу щытащ егъэджакIуэ Iэкъуэпсалъэ Лыджыдэ Хьэлимэт Темыржан и пхъур. Абы дыз эрыригъаджэр урысыбзэмрэ литературэмкIэт, ау я адыгэбзэмэ фIы дыдэу хищыкIыгът. Уэзлимэт кьаэзгъэзэхуэжщ, Блащэ Владимир макъамэ щIилъхьэкри, уэрэдри хьужау я апхуэдэщ.

Абы и ужькIэ сэ стхащ заэм теухуа уэ гуп. Абыхэм я лъабжьэр си адэм кьызжиIэжауэ щыта зауэ хьыбар хэр т. Ахэр псори си адэм фэеплъ уэсщIащ. Мыбдежьым жысIэнут си творчествэ псом гукъыеуэу хэпльыр си адэм епхауэ зэрыщытыр: си Iэдакъэщ Iэкъ-хэм ящыщ зыщIыпIэ кьытехуауэ абы зэримылъэгъуагъэр. «Си лъакъуэм нэс сыкъыщIэдзауэ си щхьэм нэс сыкъэпхуэпауэ кьыс-щыхьунт; «мыр Вындыжь Коля и пхъум итхащ», - жаIэу уи зы усэ зыщIыпIэ требгъэдзауэ сльэгъуатэмэ», - щIэхьэпсырт ар. АрщхьэкIэ сэркъэн усэхэр кьудрэ гъэпщкIуауэ сыгIащ - щIэх ескуакъым ахэр кьытрезгъэдэзн, утыку кьыскъэн. Зэманыр сэ кьы-зэжьэнт...

- Еджапl э нэхъыщхьэм ущыщIэтIысхьам усыгъэм адэжкIи хэхьхэнымкIэ, уи зэчийм нэхъри зиужьынымкIэ хэт сымэ гъуэгурыIуэхэр пхуэзыгъуэр?

- Курыт школ нэужьым еджэным щыпыщащ япэ щIыкIэ педучилищэм, итIанэ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие кьудамэм. Адыгэбзэм нэхъ кууэу сыхуедэжну, усыгъэм и щэхуэ зэм щыгъуаз зыхуэсщIыну сыгъэхьу зэрытхуагъэлэфIным, зэрытхуагъэдэхэным, дэтхэнэми кьытплъсащ абыхэм я гульытэ, я псалъэ гуапэ. Сэ нэхъыбэу си адэм сыкIэрыщIат. Си нэгу щIэтщ ар и Iэ пхъашэхмкIэ кьыз зэдэхащIыуэрэ сигъэжкижу зэрекIуэкIар, си тхъэкIуэмэ итщ таурыхъ, псыеэ хьэлэмэтхэр, кьебжэкIхэр, зауэ хьыбархэр кьы-зэрызжиIэжу щыта и макъ щабэр. А лъэхъэнэм си лъым хьыхьауэ, си псэм хэпщIауэ кьыщIэкIынущ иужькIэ кьыскъуэкIа усакIуэ зэфIэкIыр. «МакъыщIэхэр» республикэпсо щIалэгъуалэ зэпеуэ щыIэу, 1973 гъэм абы сиIэу си усэхэм сыкъыщригъэжкауэ щытащ. КьэпщытаткIуэ гупым хэтхэт Мысачэ Пётр, Тхьэгъэзит Зубер, Шэджыкъэщ Хьэмыщ сымэ. Сокъурым абыхэм гу лъаригъэтауэ щытащ си усэбзэм и зэхэлъыкIэм, абы кьыщызгъэзэфэн художественнэ-изобразительнэ Iэмалхэм, кьызэщIэзыубыдэ гъунапкъэхэм.

А зэпеуэм МуIэед новеллэхэмкIэ, АфIэунэ Лиуан сабий усэхэмкIэ, си усэхэмкIэ зэпеуэ ящыщ ящыщ. Сэ ящыщ ящыщ. Ар ящыщ. Ар ящыщ. Ар

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Нэщэнэхэр

Шыгъурэ щIакхъуэрэ къэплъэIухуэ хъунукъым

◆Мэремым уэшх кьешхмэ, тхьэмахуэм уэфI хьу хабзэщ.
◆Цыкьзхэр зэхэльэдэжамэ, дунейм и щыгъыкIэр кьыхэIыхьэну аращ.
◆Шыгъурэ щIакхъуэрэ къэплъэIухуэ хъунукъым - хэхъуэ уиIэнукъым.
◆Шыгъур нкIутамэ, псальэмакъ кишэу кьалытэ.
◆ХьэгъуэлIыгъуэ махуэм уэшх, уэс щыIэмэ, унагъуэр насыпкIэ хьуну ябж.
◆Уи бзэр уи едзэкьэжамэ, зыгуэр кьыпхуэшхыдэу жаIэ.

● Ди сурэт



Къэбэрдей зауэлI.
Сурэтыр 1905 гъэм трахащ.

● Псэущхьэхэм я дунейм

Благъуэхэр пэж дыдэу щыIа?

ЩIЫ хъурейм и дэнэ щIыпIи щыпсэу лъэпкъхэм я хъыбархэм хэтщ благъуэкIэ зэджэ псэущхьэр. ЗэрагIуэтэжымкIэ, ахэр блэм ещхьт, ауэ кьыхэарымыкIуэу абрагъуэт, я теплъэ къудеймкIэ щIыхухэр ягъэшынэу. Благъуэхэм я пэм, я жьэм мафIэ кьрихьу, я макъым щIыр игъэсыу апхэдзэ.

Пасэрей алыджхэм я IуэрыIуэтэм къыхощыжь щIыпIэ куэдым щыщIэрыIуэ Гераклэ иукIын и пэ абы зи щIахэгъуэ хьмджёбз дахэ куэд ишхащ. Алыджхэр зытетхыхьа адрей благъуэр Химерэщ. А хьэIуцыдзэр IэщIэкIуэдауэ щытащ дамитI зытет Пегас шим теса, зауэзаI хахуэ Беллерофон.

Хабзэ зэрыхъуам тету, благъуэхэр Iейм и телъхьэу хъыбархэм кьыхэщIи, ахэр кьарум и дамыгъэ хъуащ, щIыхухэр, налкъутналмэсхэр яхъумэу. Нэхъ пасэм зауэлIхэм я кьамэхэм благъуэм и сурэт тращIыхьу щытащ, я бийхэр ирагъэшынэн папщIэ.

КъыхэгъащIыпхэщ, языныкъуэхэм деж щIыхуэхэм благъуэ зэрыщыIэр я фIэщ хъуэ зэрыщытари. Колумб и пэкIэ щIыхухэм яфIэфIтэкъым ямыщIыху хьм техьэну, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, абыхэм я фIэщ хъурт кхъухьыр зэрыщыту езыгъэлъэтэхыфьи благъуэ абрагъуэхэр щIыху здэщымыIа щIыпIэхэм щыпсэуу.

Ахэр щыуэрт, сыту жьпIэмэ, благъуэ зэи дунейм тетакъым, хьыбархэм хэт къудей мыхъумэ. АтIэ щхьэ щIыхуэхэм я фIэщ хьурт ахэр щыIэу? Языныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, нэхъ пасэм и теплъэкIэ хуабжьу шынагъуэ псэущхьэ гуэрхэр щыIащ, абыхэм я нэхъ абрагъуэр мис а благъуэхэрат. Ауэ ахэр планетэм текIуэдыкIыжащ щIыхуэхэр щытехьа нэужь.

ШЫПШ Даянэ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Нартыху хьэлIамэ

НАРТЫХУ хьэжыгъэр яухуэнщIри тепщэчышхуэм иракIутэ, бэлагъкIэ зэIащIэурэ, шыгъу зыхэдза псы къэкъуалъэкIэ япщ. Хупщынэм и щхьэр трапIэ, дакъикъэ 15 - 20-кIэ ягъэупщыIу. ИтIанэ абы гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIа щIапщэри, и щхьэр тепIауэ сыхьэти 10 - 12-кIэ щIыIапIэм щагъэт, хупщынэм Iэфl кьыщIыхьэн щхьэкIэ. ИужькIэ, Iэр псыф ящIуэр, ар Iыхьэ-Iыхьэу яупIэпI - я Iуваръыр см 1,5-2, я хьэпъагъыр г 120 - 130-рэ хьууэ - хьэлIамэ пIащIэ хьрейхэр кьыхащIыкI. Ахэр шыгъу зыхэпъ псы кьэкъуалъэм хадзэри, дакъикъэ 30 - 40-кIэ ягъавэ, хьэлIамэхэр и щхьэм кьыдридзеиху. ХьэлIамэр хьэлIамэпс кьэкъуалъэм зэрыхадзэу бэлагъкIэ зэIащIэ - щIэтIысыкIыу и лъабжьэм кIэрынахэр кьыкIэрыкIыжьн щхьэкIэ. Зэрагъавэ шыуанэр инмэ, абы 3 - 4 хатхьэ, ауэ, дапщэ хьуми, ахэр псым щIигъанэу, мыщащэу, зэкIэрымыпщIэу щытын хуейщ. Ва нэужь чымчыркIэ кьыхахьыжри псы щIыпIэ щIагъэж, хьэлIамэ щIыIум тевыхьа хьэжыгъэр кIэрихьху. ХьэлIамэр пщтыруи щIыхуэ яшх. 3 - 4 ильу тепщэчкIэ Iэнэм трагъэувэ. Ар щхьэм, шэм, шатэм дашх, хьэлIамэпсым драф. Лыхьжьи шхыныгъуэхэми гъэшхэкIхэми дашх.

Халъхьэхэр (цыхуитI Iыхьэ): нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIауэ - г 200, хупщынэр зэрапщыну псывэу - г 260-рэ, гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIауэ - г 60, зэрагъэвэну псыуэ - г 700, шыгъу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьытым къитхыжащ.

● Цыхущхьэхэм я гупсысэхэр

Нэхъ губзыгъэу къыпщохьу

Щыуагъэр кьэбгъуэтыну куэдкIэ нэхъ тынщ, пэжыр кьэбгъуэтын нэхъэрэ.
ГЕТЕ Иоганн,
нэмыщэ усакIуэ.

* * *

Къэмыхьуа гуэр къэхуну щымыгугъым зыми кьимыгъуэтай кьыхуэгъуэтынукъым.
ЭФЕССКИЙ Гераклий,
алыдж философ.

* * *

Языныкъуэхэм деж телъыдж я кьохьу. Ауэ абы куэдрэ утеплжьэн хуейщ.
ВЕЙЦМАН Хаим,
британ химик.

* * *

Насыпыр лыхьуэ цыхуэр зи унэ кьызыхуэмыгъуэтыжь чэфым ещхьщ. Унэр здэщытыр ищIэжьыркъым, ауэ зэрИэр ящхьыкIуэ ещIэ.
ВО ЛЫГЕР Франсуа,
франджы тхакIуэ.

* * *

Инджылызхэм жаIэ: зэманыр ахьшэщ. Урыс хэм жаIэу щытащ: гъащIэр кIэпIейкIэщ.
БЯЗЕМСКИЙ Петр,
урыс усакIуэ, критик.

* * *

Цыхум нэхъ мащIэ кьипсэ лъыху, нэхъ губзыгъэу кьыпщохьу.
ГОРЬКИЙ Максим,
урыс тхакIуэ.

● ФщIэн папщIэ

Алыркъэб, фэлъыркъэб

КЪЭБЫР хьуа нэужь хуэхъурей-кIыхьщ, и теплъэкIэ кхъужь Iэрысэм ещхьщ, и фэр пхъэм хуэдэу быдзщ, Iувщ. И кIыхьагъыр сантиметр 30 - 60-м нос, сантиметр 20 - 30 и быхъуагъщ. Хьуху щыбгъэпымэ, и жьлэхэр кхъбыкум йолъэлъэж. Мис абы щыгъуэм икI лъэныкъуэмкIэ пахри, псыльэ, щыкъу ящI. Фэлъыркъэбым дэ, джэш, хуэрэджэ купщIэ хуэдэхэр иракIуэтэурэ пкIащхьэм пальэуи щытащ.

ГъэщIэгъуэнщ фэлъыркъэбым и кьэхъупIэ-къежьапIэм теухуауэ щIэныгъэлIхэм жаIэр. Абыхэм кьызэралыгъэмкIэ, а кхъбым и лъагъэ-хэр КъухьэпIэ Африкэрщ. Ильэс мин куэдкIэ уэлIэбжьыкIэ, Атлантикэ хым хихьэ фэлъыркъэбхэм ящыщхэр Бразилием нэс зэприхауэ щытащ псы зеуэм икIи абдеж щыбэгъуащ. Псальэм папщIэ, Перум кьыщагъуэтауэ щытащ ильэс мин 3 и ныбжь фэлъыркъэб кьутахуэхэр, Мексикэм ар цIыхум кьыщащхьэхэбэпу щытащ ильэс мини 9-кIэ уэлIэбжьыкIэ. ЩIэныгъэлIхэм зэрагъэунэхуамкIэ, фэлъыркъэб хьуар хьм ильэситIкIэ хэльми и жьлэхэми еыми зыри кьащыщIыркъым.

Америкэм кьрашри фэлъыркъэбыр Европэм кьащащ нартыхуэм, джэшым, шыбжийм, къэбым ящIыгъуу.

Бжьыныху

БЖЬЫНЫХУР, шхыныгъуэхэр гурыхь зэрищIым кьыщымынэжу, узыфIэмыкIыжьм хущхьэгъуэщ. Зы лыгъуэлыбжь лIэужьыгъуи, зы лы гъэва-гъэжьаи адыгэм ящIу щытакъым бжьныхуэр щIымыгъуу.

Ди лъэпкъым бжьныхуу лIэужьыгъуэ куэд кьыгъэкIуу щытащ, кьэгъэкIыкIэ щхьэхуэхэри яIэт. Псальэм папщIэ, кIыгу кьрамыгъэкIэну щыхуейм деж бжьныхуущхьэхэр щIымахуэ псом щIыIэ кьрамыгъауэу унэм щIагъэльти, гъатхэр кьызэрысу хасэрт. Апхэздзу кьагъэкI бжьныхуэр хьэдэуэ зэгуэттэкIым, щхьэ хьурейт. Абы хьэуэбжьынныхуэкIэ нэхъыщхьэм и факультетым и Iэтащхьэ, унафэщI. 33. КIыщокьуэ Алим и поэмэ. 34. Пшынауи, бэрэбэнауи, уэрэджы1ак1уи хэту ансамбль кьызэзыгъэпэщауэ щыта адыгэ унагъуэ. 35. ЩIыпIэ хуабэхэм щыпсэу псэущхьэ ни дыдэ, тонн зыбжанэ и хьэльагъыу. 36. Адыгэхэр Дон псыежэхьм зэреджэр.

Къехму: 1.Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьужь, жэмыш пашэу щыта адыгэ цIыхубз. 2. Къуэ джабэм е щIы уэхым кьыщыщIэж псы. Кьабзэ дыдэр абы ирагъащIэ. 4. Совет Союзым и Лыхьужь, академик, еджагъэшхэу, Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ артист кьызыхэкIа лъэпкъ. 6. ЩакIуэ хьэлъэпкъ. Апхэздзэ хьэлъэпкъэр Бэдынокьуэ зэрихуэярт, щакIуэ щыкIуэкIэ нутIыпщырт. 8. Цы Iуданэу зэIуща Iэлъэщ Iуданэ. 11. Джэдкъаз. Абыхэм зэгуэр Рим бийхэм кьрагъэлауэ жаIэ. 13. Даур Асльэнрэ Шинкубэ Бэгъратрэ я уэрэд цIэрыIуэ. Ар дахэу Мэремыкъуэ Хьусен жеI. 16. ЗэрызэпсалъэI, зэрызэгурыIуэ. Ар куду щIэну фIыщ. 17. Килограмм 16 хьу хьэлъагъ. 18. Адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ пщы, уэркъ сыт хуэдэхэм я унагъуэм щыщу гъэсакIуэм (атэлыкьым) деж кьыщыкъу сабий (нэхъыбэу щIалэ цIыкIуу). 19. Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ сурэтыщI, РАХ-м и членкорреспондент, Испаниием щыпсэу адыгэ сурэтыщI. 22. Пащтыхь, къэрал, хэку унафэщI, псом хуэмыдэу КъуэкIыпIэ льэныгъуэмкIэ щыIэ къэрал лIыщхьэхэм абыкIэ едэкэрт. 23. Азие Курытым щыIэ къэрал, абы щыпсэу цIыхухэми абыкIэ йоджэ, Ар СССР-м хэту щытащ. 24. Нэхьыбэу мэзхэм кьыщыкI жыг быдэ лъэпкъ. 25. Адыгэхэм хьэщIэ кьахуэкIуамэ, хуаукI Iэщ, нэхьыбэм мэл. 28. Зыгуэр хьуэхьуамэ, жраIэр. 30. Налпшык парким ит мафIэ мыужьыхьым кьыщеуэ макъамэр зытха композитор. 31. Бжьгъэ льытэныгъэ.

Зэхэзыльхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

ЩыцхьэIум и 14-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу:3. Вабдзэ.8. Тенэ. 10. Джэдхъурсанэ. 11. Хьэм. 12. Гъурц. 13. Балькъ. 15 Лъей. 16. Нарт. 19. ТIыхьыжь. 22. Ерыщ. 23. Уанэ. 24. Куржы. 28. Щытхьу. 30 Елыркъэш. 31. Нысэ. 32. Чынт. 33. Кьашыргъэ. 36. Хьэфэ. 41. Бжьыл. 42. Iуанэр. 45 Хьлъшэ. 47 Залэ. 48. Бжэм. 50. Дыгьу. 51 Хьэту. 52. Еру. 53. Гъубж. 55. БжьыхьэкIапэ. 57. Абрэдж. 58. Асльэн.

Къехму: 1. Гудзэ. 2. Чей. 4. Атэлыкъ. 5. Хьэлъкъ. 6. Аргъуей. 7. Кьунан. 9. Нартыху. 13. Бжьы. 14. Лъэужь. 17. Амыщ. 18. ТекI. 20. Анэл. 21. Аркъэ. 25. Быгыр. 26. Ержьыб. 27. Псафэ. 29. Хьуэт. 31. Нухь. 34. Алыдж. 35. Гъашэ. 37. Ябгэ. 38. Хьурмэ. 39. ЩIхьырыб. 40. Кьэб. 43. Бзу. 44 Алабгъуэ. 46 Шыльэгу. 49 Мажьэ. 51. Хьэпс. 54. Жэз. 56. Псы.

● Уи адэшхуэр кьыздэшэ

Уи адэшхуэр кьыздэшэ

ЕгъэджакIуэм сабийм жреIэ:
- Пащдэй уи адэшхуэр кьаши кьакIуэ...
- Си адэракъэ кьэсшэнур?
- Хьэуэ, уи адэшхуэращ кьэпшынур.
- Сыт щхьэнэ?
- Абы езгъэльагъуну сыхуейщ и кьуэм уи унэ лэжьыгъэм хищIыкь щыуагъэхэр.

ФIыкIэ ухэзагъэмэ епIэ

ЗэщхьэгъуэгъуэтIым я сабий цIыкIур яхуэжейртэкьыми, цIыхубзым жеIэ:
- Уэрэд жесIэмэ, нэхъ жеину пIэрэ-тIэ?
- Хьэуэ, - жи лIым. - Япэ щыкIэ фIыкIэ ухэзагъэрэ ухэмызагъэрэ епIэ.

● Фэ фщIэрэ?

Хэт хъуну Гомер?

ПАСЭРЕЙ алыджхэм я литературэм хэт тхыгъэ кьызэрымыкIуэ куэдым нэхъ Iупщ1у кьыхэщIыр «Илиада», «Одиссея» поэмитIырщ. Нэхьыбэм кьалытэ ахэр дунейпсо литературэм и тхыгъэ нэхьыфI дыдэу.

Ахэр Азие ЦIыкIум щыпсэу, зи нэхэм ямыльагъуж усакIуэ Гомер и Iэдакъэщ1экIэщ ябжу щытащ зэман куэдкIэ. Ауэ ди лъэхъэнэм и щIэныгъэлIхэм кьалытэ апхэздэ лэжьыгъэ зы цIыхум и закъуэ хуэмытхыну.

Зыми ищIэркъым а поэмэхэр дунейм кьызэрытехьар, атIэ хуагъэфащэ кьудейуэ аращ. ЗэрытщIэщи, Пасэрей Алыджым и усакIуэхэм кьалэ-кьалэкIэ кьакIухьу щытащ. Ахэр я Iэдакъэщ1экIэхэм, нэгъуэщI усакIуэхэм ятхахэм кьеджэурэ пащтыхьхэмрэ кьызэрыгуэкI цIыхухэмрэ я нэгу зрагъэжьырт.

Зи гугъу тщIыхэм я творчествэм пьабжьэ хуэхъур Троян зауэрат. Дэтхэнэ зы тхакIуэми алыджхэм я нэгу щIакIа а зауэзхуэм зэреплъыр кьиIуатэрт. Ауэ, зэрыхуагъфащэмкIэ, а лъэхъэнэм тхыбзэ зэфIэува щыIакъым, абы ипкъ иткIи, ахэр тхылъымпIэ гуэрым тетхауэ кьэнакъым, жьэрыIуатэбзэкIэ зэIэпаха мыхъумэ.

ИужькIэ, ди эрэм и пэкIэ 800 гъэм, зы усакIуэ лъэрыкъ гуэр кьэунэхуащ. Ар Гомеру щытагъэнкIи хъунущ, нэгъуэщI зыгуэри кьыщIэкIыныр зыхуэIуа щыIэкъым. Абы Троян зауэм теухуауэ щыIа псори зэхуихьэсыжри, «Илиада» поэмэр зэхилъхьащ. Тхыгъэм и цIэр кьызытеклар Троя кьалэм ИлиадэкIэ еджэу зыгьэпсыгъарт.

Зэман дэкIри, апхэздз щыкIэкIэ дунейм кьытехьащ «Одиссея» поэмэри. Хуэбгъэфащэ хъунущ ар и кIэм нэзыгъэсар «Илиада» и авторыр армырауэ, атIэ нэгъущI зыгуэру. Дауэ мыхъуами, а поэмитIыр Троян зауэм теухуауэ щыIэхэм я нэхъ дахэти, Алыджым зыплъыхьакIуэ кIуэ усакIуэхэм гукIэ зрагъащIэурэ, дуней псом щыз3эбгъахащ.

Цыджанхэм я хабзэр

ЦIЫХУХЭР нэгъуэщI щIыпIэ щетIысэха, е къэрал гуэрым Iэпхъуэ нэужь, абы щыпсэу лъэпкъхэм зэрызыдрагъэкIуным иужь итщ. Ауэ псэупIэ хэха зимыIэ лъэпкъэр щыIэщ, дуней псом кьыщащIыхьу. Ахэр дэнэ къыщыщIидзами, я хабзэр зэраIэгъыжьным хущIокъу.

Апхэздэ лъэпкъ «къэкIухьлъакъуэхэм» ящыщщ цыджанхэр. Абыхэм кьахэбгъэтынущ къэрал зытхухьм щыпсэную хунэсахэри, бзэ зэмыщхь зыбжанэ зыщIэхэри. Европэм щыпсэу цыджанхэр щетIысэх щIыпIэхэм нэхъ кьыщыззэтоувыIэ, ауэ къалэ-кьалэкIэ кьакIухьныр зыпащI щыIэкъым.

Цыджанхэр зыми ещхькьым, зыхьыхьэхэми хамэу кьалытэ. Арагъэнщ абыхэм нэгъуэщI лъэпкъым и хабзэхэр зыщIамыщтэр, абыхэм я дунейм тетыкIэм зыдрагъэкIуну щIафIэмыдIыр.

Зи гугъу тщIы лъэпкъыр лIэужьыгъуитIу зэщхьэщокI. Зы гупыр зэ кьыхаха щIыпIэм нэхъыбэрэ щопсэу - ар венгерскэ, испанскэ цыджанхэрщ. Къэралым илъэс куэдкIэ щыпсэуэ нэужь, абы щызэрахьэ диныр къащтэфрынущ, ауэ зэрыгурыIуэгъуэщи, езыхэм я хабзэ, нэщэнэ гуэрхэр Iэмал имыIэу халъхьэнущ.

Зыми ищIэркъым цыджанхэм я лъахэр зэдэщыIэр. Ауэ Индиием щыщхэу, Х лIэщIыкIуэм Персым Iэпхъуэн щIадзауэ хуагъэфащэ. XIV лIэщIыгъуэм Балканымрэ Алыджымрэ я гъунапкъэм нэсащ ахэр, абы и ужькIэ КъуэкIыпIэмкIэ ящэтIащ. Псалъэм папщIэ, Инджылызым ахэр кьыщыщIидзар XVI лIэщIыгъуэрщ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Псэущхьэхэм я дунейм

Благъуэхэр пэж дыдэу щыIа?

ЩIЫ хъурейм и дэнэ щIыпIи щыпсэу лъэпкъхэм я хъыбархэм хэтщ благъуэкIэ зэджэ псэущхьэр. ЗэрагIуэтэжымкIэ, ахэр блэм ещхьт, ауэ кьыхэарымыкIуэу абрагъуэт, я теплъэ кьудеймкIэ щIыхухэр ягъэшынэу. Благъуэхэм я пэм, я жьэм мафIэ кьрихьу, я макъым щIыр игъэсыу апхэздэ.

Пасэрей алыджхэм я IуэрыIуэтэм къыхощыжь щIыпIэ куэдым щыщIэрыIуэ Гераклэ иукIын и пэ абы зи щIахэгъуэ хьмджёбз дахэ куэд ишхащ. Алыджхэр зытетхыхьа адрей благъуэр Химерэщ. А хьэIуцыдзэр IэщIэкIуэдауэ щытащ дамитI зытет Пегас шим теса, зауэзаI хахуэ Беллерофон.

Хабзэ зэрыхъуам тету, благъуэхэр Iейм и телъхьэу хъыбархэм кьыхэщIи, ахэр кьарум и дамыгъэ хъуащ, щIыхухэр, налкъутналмэсхэр яхъумэу. Нэхъ пасэм зауэлIхэм я кьамэхэм благъуэм и сурэт тращIыхьу щытащ, я бийхэр ирагъэшынэн папщIэ.

КъыхэгъащIыпхэщ, языныкъуэхэм деж цIыхуэхэм благъуэ зэрыщыIэр я фIэщ хъуэ зэрыщытари. Колумб и пэкIэ щIыхухэм яфIэфIтэкъым ямыщIыху хьм техьэну, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, абыхэм я фIэщ хъурт кхъухьыр зэрыщыту езыгъэлъэтэхыфьи благъуэ абрагъуэхэр щIыху здэщымыIа щIыпIэхэм щыпсэуу.

Ахэр щыуэрт, сыту жьпIэмэ, благъуэ зэи дунейм тетакъым, хьыбархэм хэт къудей мыхъумэ. АтIэ щхьэ щIыхуэхэм я фIэщ хьурт ахэр щыIэу? Языныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, нэхъ пасэм и теплъэкIэ хуабжьу шынагъуэ псэущхьэ гуэрхэр щыIащ, абыхэм я нэхъ абрагъуэр мис а благъуэхэрат. Ауэ ахэр планетэм текIуэдыкIыжащ щIыхуэхэр щытехьа нэужь.

ШЫПШ Даянэ.

Псальэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: 3. Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал музыкэ театрым и солисткэ, профсоюз лэжьакIуэ. 5. Псыр ... хэльхьэжщ. 7. Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщыдэкI сабий журнал. 9. Лым, кхъуейжьапхъэм, нэгъуэщIхэм хугум кьыхэщIыкIауэ адыгэхэм дашхыр. 10. Адыгэхэр Волгэ псыежэхым зэреджэр. 12. Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ ДмищэкIым, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ ЖькIэмыхъум я цIэхэр. 14. Лъапщэ зиIэ вакъэ лIэужьыгъуэ. 15. Имыс и фыз. 20. Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ хьэщIэщ. 21. Адыгэпсэр грекхэм зэреджэр. 26 Пасэ зэманым къагъэсэбэну щыта Iэщэ лIэужьыгъуэ. 27. Батэрэз и адэ. 29. НэгъуэщI зыгуэрым мыхъумыщIагъэ хужьIэн, хуэшхыдэн. 32. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и факультетым и Iэтащхьэ, унафэщI. 33. КIыщокьуэ Алим и поэмэ. 34. Пшынауи, бэрэбэнауи, уэрэджы1ак1уи хэту ансамбль кьызэзыгъэпэщауэ щыта адыгэ унагъуэ. 35. ЩIыпIэ хуабэхэм щыпсэу псэущхьэ ни дыдэ, тонн зыбжанэ и хьэльагъыу. 36. Адыгэхэр Дон псыежэхьм зэреджэр.

Къехму: 1.Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьужь, жэмыш пашэу щыта адыгэ цIыхубз. 2. Къуэ джабэм е щIы уэхым кьыщыщIэж псы. Кьабзэ дыдэр абы ирагъащIэ. 4. Совет Союзым и Лыхьужь, академик, еджагъэшхэу, Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ артист кьызыхэкIа лъэпкъ. 6. ЩакIуэ хьэлъэпкъ. Апхэздз хьэлъэпкъэр Бэдынокьуэ зэрихуэярт, щакIуэ щыкIуэкIэ нутIыпщырт. 8. Цы Iуданэу зэIуща Iэлъэщ Iуданэ. 11. Джэдкъаз. Абыхэм зэгуэр Рим бийхэм кьрагъэлауэ жаIэ. 13. Даур Асльэнрэ Шинкубэ Бэгъратрэ я уэрэд цIэрыIуэ. Ар дахэу Мэремыкъуэ Хьусен жеI. 16. ЗэрызэпсалъэI, зэрызэгурыIуэ. Ар куду щIэну фIыщ. 17. Килограмм 16 хьу хьэлъагъ. 18. Адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ пщы, уэркъ сыт хуэдэхэм я унагъуэм щыщу гъэсакIуэм (атэлыкьым) деж кьыщыкъу сабий (нэхъыбэу щIалэ цIыкIуу). 19. Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ артист кьызыхэкIа лъэпкъ. 6. ЩакIуэ хьэлъэпкъ. Апхэздз хьэлъэпкъэр Бэдынокьуэ зэрихуэярт, щакIуэ щыкIуэкIэ нутIыпщырт. 8. Цы Iуданэу зэIуща Iэлъэщ Iуданэ хуабэ. 11. Джэдкъаз. Абыхэм зэгуэр Рим бийхэм кьрагъэлауэ жаIэ. 13. Даур Асльэнрэ Шинкубэ Бэгъратрэ я уэрэд цIэрыIуэ. Ар дахэу Мэремыкъуэ Хьусен жеI. 16. ЗэрызэпсалъэI, зэрызэгурыIуэ. Ар куду щIэну фIыщ. 17. Килограмм 16 хьу хьэлъагъ. 18. Адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ пщы, уэркъ сыт хуэдэхэм я унагъуэм щыщу гъэсакIуэм (атэлыкьым) деж кьыщыкъу сабий (нэхъыбэу

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ
РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; кьужьэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьныкIэ - 42-22-88; гъэсныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Гъэдзэ тхыгъэхэм кьыщыцIыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытехьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеуэ зэныту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и щIэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр щыныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лыгъэгъатэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.
Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.
1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокьуэ Эллэ, редактору ЖьэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(1, 2, 5-нэ нап.)*, Бащэ ФатIимэ *(3, 4, 6-нэ нап.)*, корректорхэм я дэлэныкъэмкIэ Нуэн Заирэ. *КомпьютеркIэ гаетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэрэ Мэлбахьуэ Анжелэрэ, *сурэтхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.

Номерыр "Адыгэ псальэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №2345

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.